



DEPARTMENT OF HEALTH

Ibiro Bibika impapuro ndangamuntu
P.O. Box 70
Burlington, VT 05402

Uburyo bwo gusaba Urupapuro rw'amavuko igihe cararenze

Ibirimwo **Gusaba Urupapuro rw'amavuko igihe carenganye hamwe no kuvuga ibikwiye kwandikwa kuri urwo rupapuro** rukoreshwa mu gihe umuntu aruronkeye i Vermont ariko rutigeze rutangwa mugisagara yavukiyemwo.

Ivyo gukurikiza mu gusaba urupapuro rw'amavuko igihe cararenze :

1. Uzuza urupapuro rwo gusaba urupapuro rw'amavuko igihe cararenze hamwe n'urwerekana ibikwiye kwandikwa kuri urwo rupapuro rw'amavuko rutangwa igihe cararenze.
2. Twara izo mpapuro kumu Noteri wa reta maze utere umukono kw'izina ryawe ryemewe n'amategeko imbere y'uwo mu Noteri wa reta.
3. Egeranya impapuro zose zemewe n'amategeko, zemeza imyaka, aho umuntu yavukiye n'abavyeyi biwe:

Ku muntu afise imyaka 10 canke irenga, impapuro zitatu zemewe n' amategeko zirasabwa kugira zishigikire urupapuro rwo gusaba kuronwa urupapuro rw'amavuko igihe cararenze muri Vermont. Urupapuro rwose rutegerezwa kwerekana igenekerezo umuntu yavukiyeko canke imyaka afise, kandi rutegerezwa kuba rwinditswe n'imiburiburi imyaka 10 imbere y'igenekerezo umuntu asabiye ko urwo rupapuro rw'amavuko igihe cararenze, canke mu myaka 3 uhereye igihe yavukiyeko. N'imiburiburi urupapuro rumwe muri izo rutegerezwa kwerekana ko umuntu yavukiye mu ntara ya Vermont, kandi urupapuro rumwe rutegerezwa kuba ruriko izina ry'umwe mu bavyeyi. Raba urutonde rw'impapuro nyamukuru ku rupapuro rukurikira. *Izo mpapuro zitegerezwa gusuzumwa no kwemezwa n'Umwanditsi wa Reta.*

Ku muntu afise imyaka 10 canke irenga, impapuro zemewe zibiri zirasabwa mu gushigikira urupapuro rwo gusaba urupapuro rw'amavuko igihe cararenze muri Vermont. Urupapuro rwa mbere rutegerezwa kwerekana yuko nyina yari i Vermont igihe uyo muntu yavuka. Urupapuro rwa kabiri rutegerezwa kwerekana izina ry'umwana, igenekerezo y'amavuko, aho yavukiye ko ari Vermont n'izina ry'umwe mu bavyeyi. Raba urutonde rw'impapuro nyamukuru ku rupapuro rukurikira. *Izo mpapuro zitegerezwa gusuzumwa no kwemezwa n'Umwanditsi wa Reta.*

4. Tanga izi mpapuro zikurikira hamwe n'ibindi vyemezo bizishigikira:

- Urupapuro rwo gusaba kuronwa urupapuro rw'amavuko igihe carenganye hamwe no kuvuga ibikwiye kwandikwa kuri urwo rupapuro rw'amavuko igihe cararenze rwujujwe kandi rwatewe ko umukono na noteri
- Urupapuro, rwerekana ibisabwa kwuzuzwa mugusaba urupapuro rw'amavuko igihe carenganye hamwe no kuvuga ibikwiye kwandikwa kuri urwo rupapuro rw'amavuko igihe cararenze rwujujwe kandi rwatewe ko umukono na noteri, hamwe
- n'izindi mpapuro zemeza imyaka, aho umuntu yavukiye n'abavyeyi biwe

Birungikiwe: Igisata Kijejwe Amagara y'Abantu i Vermont -

Ibiro Bibika impapuro ndanga muntu
108 Cherry Street, PO Box 70
Burlington, VT 05402

Impapuro zose zemewe n'amateko zizosubizwa nyenezo. Amafotokopi atariko umukono uzemeza ntizakirwa.

Impapuro nyamukuru zerekana igituma urupapuro rw'amavuko rusabwe igihe cararenze :

- Urupapuro rwerekana k'umuntu yavutse rutangwa n'ibitaro
- Urupapuro rwerekana k'umuntu yavutse rutangwa n'umuganga
- Urupapuro rwerekana k'umuntu yavutse rutangwa n'umwakirizi
- Urupapuro rwa Rusansuma ya Reta Zunze Ubumwe za Amerika
- Urupapuro rwo gusaba urupapuro rwemeza kw'abantu bubatse
- Urupapuro rwo gusaba kuba umunywanyi wishirahamwe itegekaniriza kazoza
- Icemezo cerekana k'umuntu yoba yarabaye umusirikare (atari igipapuro)
- Urupapuro rw'Inzira
- Urupapuro rwerekana ko umuntu yanditswe mw'ishure
- Politike yo gukingira ubuzima - Uzuza iyo Politike werekane inomero zayo n'igihe yatangiwe
- Impapuro zerekana ko umuntu afise akazi
- Impapuro zo kwa muganga, z'ibitaro canke za muganga wamenyo
- Ibindi vyemezo bisabwa n'Umwanditsi wa Reta

Ico kumemya: Ivyemezo umuntu yitangiye kw'izina ryiwe ntibishobora gufatwa nk'impapuro zemewe n'amategeko.

Kubera iki hakenewe icemezo mu gutanga urupapuro rw'amavuka rusabwa igihe carenze?

Urupapuro rw'amavuko ni inyandiko y'agaciro yerekana ubwenegihugu bwa Reta Zunze Ubumwe za Amerika hamwe n'imyaka. Urupapuro rw'amavuko rusabwa igihe carenze rurahambaye cane cokimwe n'impapuro zerekana ko umuntu yavutse. Ni co gituma hakenewe ivyemezo bizishigikira. Izo mpapuro zitegerezwa kuba ari izatanzwe n'umwanditsi wa Reta canke amakopi yazo yashizweko umukono atanakimwe kibanje guhindurwa, kugira ngo urupapuro rw'amavuko rutanzwe igihe cararenze rube ari urw'ukuri.

Woba ufise ikibazo?

Hamagara Ibiro Bibika impapuro ndanga muntu - Igisata Kijejwe Amagara y'Abantu co muri Vermont nimba ufise ibibazo vyerekeye impapuro z'amavuko zitangwa igihe cararenze. Mushobora guhamagara Umuyobozi w'Ibiro Bibika impapuro ndaga muntu kuri (802) 863-7278.